# Халық аралық «Дүнья талантлылары аўқамы» белсендилери қатарында Бозатаўлы жас шайыра Минара Қалбаеваның жеңислери

«Дүние таланттары Одағы» шешими менен Өзбекистан Республикасы пуқарасы «Дүние таланттары Одағының мүшесі» Минара Қалбаева «Елеулі еңбегі үшін»- көкирек белгиси менен сыйлықланбақта! Сондай ақ ол усы күнге шекем  Халық аралық «Дүнья талантлылары аўқамы» тәрепинен шөлкемлестирилген бир неше таңлаўлардың жеңимпазы болып келген яғный дуньяға белгили Абай Қунанбаевтиң 175-жыллығы мүнәсибети менен өткерилген Халық аралық онлайн таңлаўда Ⅲ- орынды,  «Дүнья талантлылары аўқамы»ның ағзасы Жарқынбек Қарақуловтың поэзиясына тийкар өткерилген Халық аралық таңлаўда да Ⅲ- орынды жеңип алған еди.


Image not found or type unknown

Жақында  Қырғызыстан  Республикасының «Кыргыз акын-жазуучулары» аўқамы тәрепинен шөлкемлестирилген «Эне» атлы Халық аралық онлайн таңлаўда Ⅱ- оынды ийелеп, «Мықты қаламгер» (Күшли қәлем ийеси)  номинациясын жеңип алды. Сондай ақ, Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта тәлим министрлиги жанындағы Жоқары тәлимди раўажландырыў изертлеўшилери республика көлеминде «Жылдың ең излениўшең студенти» онлайн таңлаўының поэзия жөнелисинде I-орынға ылайық деп табылды.


Image not found or type unknown


Image not found or type unknown

Минара Қалбаеваның қосықлары Республикамыз бойлап, соның менен бирге

Қазақстан ҳәм Қырғызыстан Республикаларында да белгили шайырлар тәрепинен аўдарма исленип газета бетлеринде жәрияланып келмекте. Биз Минара Қалбаеваның жеңислери менен қызғын қутлықлап, буннан да үлкен табысларды тилеп қаламыз.